

The University of the State of New York  
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Madi**, 22 janvyè 2002 — 1:15 pou 4:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

**Premye Pati** a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa a yo nan fèy repons ki apa a.

**Dezyèm Pati** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

**Seksyon A nan Twazyèm Pati** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Seksyon B nan Twazyèm Pati** a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.**

## Premye Pati

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Esplikasyon (1–50):* Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo a oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

- 1 Dapre resansman ki te fèt nan ane 1990 la, ki de zòn nan Etazini ki te gen pi gwo dansite demografik nan peyi a?
  - (1) Gran Plenn (Great Plains) ak Tegzas
  - (2) Nò Ès ak Kalifòni di Sid
  - (3) Sid ak Eta Wòki Mawntenn yo
  - (4) Eta Apalach ak Midwès yo
- 2 Premye objektif Deklarasyon Endependans lan, se te pou
  - (1) tabli yon seri lwa fondamantal pou Etazini
  - (2) ranfòse rapò kolonyal avèk Angletè
  - (3) fè konnen rezon Revolisyon Ameriken an
  - (4) mande libète lapawòl ak libète pou laprès
- 3 Papey Federalis yo (The Federalist Papers) te yon seri atik jounal ki teibliye an 1787 ak 1788 pou jwenn sipò pou
  - (1) dwa koloni yo pou revòlte kont Angletè
  - (2) dwa yon Eta pou l separe ak Inyon an
  - (3) ratifikasyon Konstitisyon Etazini an
  - (4) bati yon sistèm kannal ant plizyè Eta
- 4 Ki deklarasyon nan Konstitisyon Etazini an yo konn rele paragraf elastik la?
  - (1) “Tout pouvwa lejislatif ki bay la a pral rete nan men Kongrè Etazini. . . .”
  - (2) “Kongrè pa dwe pase okenn lwa sou kesyon tabli relijyon. . . .”
  - (3) “Tout pwojè lwa sou kesyon antre lajan dwe soti nan Chanm Reprezantan yo. . . .”
  - (4) “Kongrè ap gen pouvwa . . . pou pase tout lwa ki nesèsè epi ki apwopriye pou tabli pouvwa ki nonmen pi wo la a yo. . . .”

Baze repons ou pou kesyon 5 ak 6 sou deklarasyon ki pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

- Oratè A:* Nou dakò ak Plan Vijini an, kote reprezantasyon baze sou popilasyon. Eta ki gen plis moun yo dwe genyen pi gwo reprezantasyon.
- Oratè B:* Esklav yo ta dwe konte paske gen anpil nan popilasyon Eta nou an, epi Kongrè pa ta dwe gen dwa anpeche nou enpòte esklav pou travay sou plantasyon nou.
- Oratè C:* Noumenm, delege ki soti nan ti Eta yo, nou ensiste pou lalwa di pou chak Eta gen menm gwosè reprezantasyon.
- Oratè D:* Kongrè dwe mete taks sou enpòtasyon, pou machandiz etranje pa pi bon mache pase pwodwi nou fabrike isit.

- 5 Ki dokiman ki te pale sou sa ki enterese tout oratè sa a yo?
  - (1) Deklarasyon Endependans
  - (2) Atik Konfederasyon yo
  - (3) Konstitisyon Etazini
  - (4) Konpwomi Missouri a
- 6 Pou rezoud konfli ant deklarasyon Oratè A ak Oratè C, yo
  - (1) kreye yon palman ki gen de chanm
  - (2) delege pifò nan pouvwa pou gouvènè yo bay Eta yo
  - (3) kenbe yon ekilib nan Kongrè ant Eta ki te gen esklav ak Eta lib yo
  - (4) pase yon seri amannman konstitisyonèl pou pwoteje dwa endividyèl

- 7 Kilès nan aksyon sa a yo ki montre pouvwa prezidan an kòm kòmandan an chèf?
- (1) bay militè ameriken lòd ale nan yon peyi etranje
  - (2) nonmen Sekretè Deta a
  - (3) fè resepsyon pou yon lidè etranje nan Mezon Blanch lan (White House)
  - (4) fè diskou sou Eta Inyon an
- 8 “. . . pa dwe bay okenn manda, sòf si gen kòz pwobab, . . . epi sitou pou dekri kote pou yo fouye a, ak moun nan oswa bagay pou yo pran yo.”
- Seksyon sa a, nan Katriyèm Amanman Konstitisyon Etazini an, pale sou kesyon
- (1) dwa Eta yo
  - (2) separasyon pouvwa
  - (3) pouvwa enplisit
  - (4) limit sou pouvwa gouvènman
- 9 Youn nan pi gwo objeksyon moun genyen kont anpil gwoup presyon yo, se paske yo
- (1) ilegal dapre Konstitisyon federal la
  - (2) gen twòp infliyans sou gouvènman
  - (3) pa gen pou swiv okenn règleman gouvènman an
  - (4) anba kontwòl laprès
- 10 Ki avantaj jeyografik sa te rapòte Etazini, lè l te achte Teritwa Lwizyàn nan men Lafrans?
- (1) pò ki gen yon klima twopikal sou kòt Atlantik la
  - (2) zòn ki gen anpil pwason pou peche nan Gran Lak yo (Great Lakes)
  - (3) tout kontwòl Rivyè Misisipi a
  - (4) gwo rezèv chabon nan zòn ki sou bò wès Pennsilvani an
- 11 Ki rezilta ki te soti nan anpil desizyon Tribinal Siprèm ki te pran sou direksyon Dwayen Tribinal Jonn Machal, ant 1801 ak 1835?
- (1) Sistèm esklavaj la te febli.
  - (2) Gouvènman federal la te vin pi fò.
  - (3) Dwa travayè te jwenn ranfò.
  - (4) Yo te aplike lwa kont monopòl yo.

- 12 Anmezi Etazini t ap vin gen plis tè ant 1803 ak 1850, diskisyon ki te fèt sou kesyon tè sa a yo te chita sou
- (1) bezwen pou genyen lekòl ak inivèsite
  - (2) resous natirèl ki t ap gaspiye
  - (3) ekspansyon esklavaj
  - (4) bati ray tren pou travèse kontinan an
- 13 Youn nan rezon pi enpòtan pou tabli Doktrin Monwo a (1823), se te pou
- (1) dekouraje komès Etazini avèk Amerik Latin
  - (2) defann Kannal Panama a kont Angletè
  - (3) anpeche Ewòp vin tabli plis koloni nan zòn Karayib la
  - (4) bay peyi nan Amerik Latin yo èd ekonomik
- 14 Anvan Gè Sivil la, esklavaj te gaye nan Sid pi fasil pase nan Nò paske
- (1) Konstitisyon an te gen yon dispozisyon ki di konsa li ilegal pou enpòte esklav nan Eta nan Nò yo
  - (2) Kongrè te pase yon lwa ki defann esklavaj nan Nò
  - (3) Eta nan Nò yo te pran lwa pou aksyon afi matif
  - (4) kondisyon jeyografik nan Sid yo te ankouraje devlopman gwo plantasyon
- 15 Kilès nan espresyon sa a yo ki sèvi pi byen pou konplete moso deskripsyon ki pi ba la a?

- I. Rezon pou \_\_\_\_\_
- A. Te vin gen plis seksyonalis
  - B. Dezakò sou kesyon dwa Eta yo
  - C. Konpwomi a te gate
  - D. Eleksyon 1860 la

- (1) Kòmansman Gè Revolisyonè a
- (2) Adopsyon Deklarasyon Dwa yo (Bill of Rights)
- (3) Rebelyon Wiski a ki pa t pran
- (4) Separasyon Eta nan Sid yo avèk Inyon an

16 Lwa Omstèd la te enpòtan pou kwasans nan Wès paske li te

- (1) tabli rezèvasyon pou Endyen Natif Natal Amerik yo
- (2) kreye Depatman Agrikilti pou ede fèm yo
- (3) ankouraje tabli Gran Plenn yo (Great Plains)
- (4) bay tè pou bati yon sistèm kanal

17 Ki gwo tit nan jounal ki ta parèt pandan Peryòd Rekonstriksyon apre Gè Sivil la?

- (1) “Lwa Jim Kwo yo Fini”
- (2) “Yo Fè Ansyen Esklav Sitwayen”
- (3) “Tribinal Siprèm Pran Desizyon sou Drè Skòt”
- (4) “Pwoklamasyon Emansipasyon Pibliye”

18 Ki faktè ki te afekte kwasans ekonomik Etazini pi plis ant 1865 ak 1900?

- (1) devlopman sistèm demwatye
- (2) sa sendika yo reyalize
- (3) politik “laissez faire” (kite yo fè) gouvènman an swiv
- (4) restriksyon sou imigrasyon

19 Endistriyalis nan fen ane 1800 yo te sèvi ak kès epi kont kolektif pou

- (1) ankouraje metòd ekita nan komès sou mache a
- (2) fè konkirans bese pou fè benefis monte
- (3) travay ansanm ak sendika yo
- (4) anpeche travayè etranje jwenn travay nan izin yo


20 Nan dezyèm mwatye dizenvyèm syèk la, sa ki te chanje agrikilti pi plis nan Etazini, se te

- (1) pri pwodwi agrikòl ki te monte
- (2) kwasans popilasyon nan Etazini ki te ralanti
- (3) demann pou pwodwi agrikòl ki te bese
- (4) paske yo te sèvi plis avèk machin nan fèm yo

21 Ki jan mouvman Pwogresif la te afekte lavi anpil nan Etazini?

- (1) gouvènman te vin mete plis règleman sou biznis
- (2) te vin gen plis restriksyon sou pouvwa prezidan
- (3) laprès te vin gen mwens infliyans sou politik leta swiv
- (4) gouvènman te vin depanse mwens pou pwogram sosyal yo

Baze repons ou pou kesyon 22 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Graff, Henry, *The Glorious Republic*, Houghton Mifflin (adapte)

22 Ki lide prensipal ki nan desen sa a?

- (1) Gwo biznis te gen anpil enfliyans sou aksyon Sena a.
- (2) Sena a te oblije kontinye pran lwa pou sipòte efò pou konsèvasyon yo.
- (3) Sena a te bezwen plis sipò lajan nan men monopòl yo.
- (4) Relasyon ant endistri ak Sena a te benefisyè piblik la, an jeneral.

23 **“Djen Adanms (Jane Addams) ouvri ‘Hull House’”**  
**“Jakòb Riyis (Jacob Riis) ap Pran Foto Rezidan Tènman”**  
**“Ida Tabèl (Ida Tarbell) ap Denonse Konpayi ‘Standard Oil’”**

Gwo tit sa a yo montre efò kèk moun ap fè pou

- (1) sipòte monopòl biznis
- (2) fè amelyorasyon nan katye moun rete
- (3) rezoud pwoblèm fèm yo ameriken
- (4) korije abi ki te fèt nan Revolisyon Endistriyèl la

Baze repons ou pou kesyon 24 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

### Tonton Sam: “An Verite, Mwen Byen Renmen Plimaj ou”



Sous: *Denver Rocky Mountain News* (Nouvèl Wòki Mawntenn nan Denvè), 1900 (adapte)

24 Ki lide ki parèt nan ti desen sa a?

- (1) sipò pou alyans militè nèf
- (2) sipò pou enperyalis ameriken
- (3) opozisyon kont Lig Nasyon
- (4) opozisyon kont lwa imigrasyon nèf

25 Kilès nan rezon sa a yo ki te yon rezon enpòtan, pou Etazini antre nan Premye Gè Mondyal la?

- (1) jete gouvènman tzaris nan Risi a
- (2) anpeche Almay atake Amerik Latin
- (3) defann libète sou lanmè yo
- (4) disloke anpi kolonyal Alye yo

26 Ki aksyon Sistèm Rezèv Federal la kapab pran pou konbat enflasyon oswa resesyon?

- (1) otorize depans ki kapab lakòz defisi
- (2) chanje to tarif yo
- (3) ajiste rezèv lajan an
- (4) mande pou yon bidjè federal ki ekilibre

27 Jijman Jonn Skops nan ane 1925 la montre konfli ant

- (1) syans ak relijyon
- (2) izolasyon ak angajman entènasyonal
- (3) wòl tradisyonèl fi ak wòl nèf fi yo jwe
- (4) pwoyibisyon ak krim òganize

28 Sou ki kesyon Boukè T. Wachinnton ak W. E. B. Dibwa te gen plis diferans nan opinyon yo?

- (1) bezwen sispann zak vyolans kont Nwa Ameriken
- (2) ak ki rapidite yo dwe rive nan egalite total ant ras yo
- (3) bezwen entegre lame
- (4) lide pou mete Ameriken Blan nan òganizasyon pou aksyon politik yo

29 Politik Gwo Baton ak Diplomasi Dola, se te tantativ pou

- (1) ranfòse pouvwa Etazini nan Amerik Latin
- (2) kontwòle ekspansyon sistèm kominis nan Ewòp de lès
- (3) pwoteje komès lib nan kontinan azyatik
- (4) ranfòse koneksyon politik avèk Ewòp de lwès

- 30 “Biznis Etazini, se fè biznis.”  
— Prezidan Kalvin Koulidj
- Lè li fè deklarasyon sa a, Prezidan Koulidj te vle montre li sipòte
- (1) mete pi gwo taks sou kòporasyon yo
  - (2) pran règleman pou zafè labank
  - (3) yon sistèm sosyalis demokratik
  - (4) sistèm lib antrepriz la
- 31 Ki aksyon ki montre volonte defann enterè moun natif natal (nativism) nan ane 1920 yo?
- (1) anpil vyolasyon lwa sou Pwoyibisyon yo
  - (2) efò pou ede Endyen Amerik Natif Natal yo jwenn pi bon kondisyon pou yo viv
  - (3) adopsyon lwa ki mete restriksyon sou imigrasyon
  - (4) kredi yo bay fèmme yo
- 32 Ki prensip ekonomik ki te vin pran plis enpòtans anpil, pandan ane 1920 yo?
- (1) kontwòl gouvènman sou biznis
  - (2) espekilasyon nan mache bousye
  - (3) moun ki depann sou pwogram gouvènman pou ede yo viv
  - (4) rediksyon pousantaj nan tarif yo
- 33 Nan ane 1930 yo, ki trè jeyografik ki te plis enfliyanse migrasyon plizyè milye moun ki te soti nan Gran Plenn nan sid yo, nan direksyon wès?
- (1) sechrès ki dire lontan nan zòn ki te gen fèm yo
  - (2) Rivyè Misisipi a te lakòz twòp inondasyon
  - (3) gwo tranbleman tè nan zòn kòt Pasifik yo
  - (4) siklòn ki t ap fè dega nan Gòlf Meksiko
- 34 Men kouman, nan ane 1930 yo, Prezidan Franklen D. Wouzvèlt te chanje wòl gouvènman federal nan ekonomi a:
- (1) bese pwogram pou ede chomè yo
  - (2) sispann efò pou kraze konsòsyòm yo
  - (3) monte tarif yo pou pwoteje endistri nan peyi a
  - (4) fè depans ki ta kapab lakòz defisit, pou ankouraje kwasans ekonomik
- 35 Ki faktè ki te ankouraje Etazini swiv yon politik nentralite pandan ane 1930 yo?
- (1) desepsyon ki soti nan Premye Gè Mondyal ak rezilta li yo
  - (2) paske lòt peyi yo pa t pare fòs militè yo
  - (3) anilasyon Pwoyibisyon
  - (4) pwosperite ekonomik nan peryòd la

- 36 Ki evennman ki plis fè sonje Gwo Depresyon an?
- (1) adopsyon Lwa sou Sekirite Sosyal
  - (2) kòmansman Dezyèm Gè Mondyal
  - (3) reyeleksyon Prezidan Franklen D. Wouzvèlt an 1940
  - (4) anons Plan Machal la

Baze repons ou pou kesyon 37 la sou pawòl pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

“Yo pa mete Korematsou deyò nan lame paske yo pa t renmen l oswa poutèt ras li. Yo te mete l deyò paske nou nan lagè ak Anpi Japon, paske . . . otorite peyi a te pè yon envazyon sou Kòt Wès nou an, epi yo te santi yo oblije pran bon prekosyon pou sekirite.”

—Jij Igo Blak *Korematsu v. United States*  
(*Korematsou kont Etazini*), 1944

- 37 Kilès nan prensip sa a yo sitasyon sa a sipòte?
- (1) Yo dwe kontinye pwoteje dwa endividyèl chak sitwayen lè gen ijans nasyonal.
  - (2) Tribinal Siprèm nan pa gen pouvwa pou bloke aksyon prezidan an pran lè gen lagè.
  - (3) Gen sikonstans ki kapab oblije limite dwa endividyèl chak sitwayen.
  - (4) Se Tribinal Siprèm nan sèlman ki kapab chanje dwa konstitisyonèl sitwayen ameriken.
- 
- 38 Nan peryòd ki vini apre Dezyèm Gè Mondyal la, Etazini tabli prezans li pou lontan nan Almay de lwès, pou li te kapab
- (1) sipòte inifikasyon Ewòp, menm si l te gen pou sèvi ak fòs
  - (2) rete ekspansyon kominis nan Ewòp
  - (3) anpeche Almay rekòmanse atake peyi nan Ewòp
  - (4) pèmèt Nasyonzini rezoud konfli entènasyonal

Baze repons ou pou kesyon 39 la sou sitasyon pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

“Sèl sa yon moun bezwen fè, se gade yon kat pou konprann enpòtans ki genyen pou . . . nasyon Grèk siviv nan yon kontèks ki laj. Si Lagrès ta tonbe anba kontwòl yon minorite ki gen zam, konsekans sa ta genyen pou vwazen l, Tiki, t ap parèt menm lè a, epi yo t ap grav. Konfizyon ak dezòd ta kapab gaye nan tout [rejyon an] . . .”

— Prezidan Ari Twoumann, 1947

39 Pou reyaji nan sitiasyon ki esplike nan sitasyon sa a, gouvènman ameriken te

- (1) repete angajman l pou prensip izolasyonis
- (2) ofri anpil peyi Ewòp èd ekonomik
- (3) fè menas atak nikleyè
- (4) sipòte efò Trete Vasovi a

40 Kisa ki te youn nan rezon ki fè Komite Repezantan Palmantè sou Aktivite Anti-Ameriken yo te fè ankèt nan fen ane 1940 yo, epi yon komite senatè, ki te gen Jozèf Makati kòm prezidan, te fè ankèt nan fen ane 1950 yo?

- (1) yo te kwè te gen ajan kominis nan gouvènman federal
- (2) lame Etazini te depanse twòp lajan
- (3) koripsyon ak grese pat, nan pami manm Kongrè yo
- (4) aksyon Prezidan Ari Twoumann te fè ki ta kapab lakòz yo destitye l

41 **“Lansman Sputnik Voye Sovyetik yo devan, nan Kous Lespas la”**

Nan ane 1957, men kouman gouvènman ameriken reyaji lè evennman ki pale nan tit jounal sa a te rive:

- (1) redwi depans militè
- (2) bati yon estasyon nan lespas ansanm ak Inyon Sovyetik
- (3) bati sistèm defans “Star Wars” (Lagè Zetwal) Prezidan Wonal Regann te vle a
- (4) bay lajan pou fè pi bon sistèm edikasyon nan Etazini

42 Pwogram Gran Sosyete (Great Society) Prezidan Lindonn B. Jonnson nan sanble pwogram Akò Nèf (New Deal) Prezidan Franklen Wouzvèlt la paske tou de pwogram yo te

- (1) chache fè ratifye Amanman Egalite Dwa pou garanti egalite pou fi
- (2) rekòmande vote lwa sou dwa sivik pou ede Ameriken Nwa
- (3) sipòte sibvansyon federal pou pwogram pou ede moun pòv
- (4) apwouve efò Eta yo te fè pou bese taks pou moun klas mwayenn

43 Ki pi bon konklizyon ou kapab jwenn sou kesyon patisipasyon Etazini nan Gè Kore ak Gè Vyetnam?

- (1) Gè Fwad la te ale pi lwen pase yon konfli dirèk avèk Inyon Sovyetik.
- (2) Gè popilè yo fè prezidan ki te deja la yo pase nan reyeleksyon.
- (3) Lagè se pi bon mwayen pou sipòte nasyon k ap devlope.
- (4) Menas gè nikleyè a nesèsè pou rezoud konfli militè.

44 Kilès nan aksyon prezidan sa a yo te pran, ki reprezante politik detant la pi byen?

- (1) lè Jonn F. Kenedi te bay lòd fè envazyon Bè Kochon an kont Kiba
- (2) lè Lindonn B. Jonnson te pouse Gè Vyetnam lan pi lwen
- (3) lè Richa Nikson te tanmen Negosyasyon pou Limite Zam Estratejik (SALT) ak Inyon Sovyetik
- (4) lè Jòj Bouch te pran aksyon militè pou retire lame Irak nan Koweyt

45 Youn nan premye rezon ki fè dèt federal la te monte ant 1980 ak 1996, se te


- (1) depans pou te voye militè ameriken nan Bosni
- (2) enstabilite mache bousye a
- (3) paske gouvènman Eta yo te antre mwens lajan nan taks
- (4) paske gouvènman federal te depanse anpil lajan

Baze repons ou pou kesyon 46 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



- 46 Ki lide prensipal ki nan ti desen sa a?
- (1) Senatè yo pase twòp tan ap pale, epi pa ase tan ap decide sou lwa nèf yo.
  - (2) Yo bezwen mete plis limit sou kantite lajan ki kapab depanse nan kanpay.
  - (3) Senatè ameriken yo touche twòp.
  - (4) Se moun rich sèlman ki kapab fè kanpay pou eleksyon nan Kongrè.
- 
- 47 Gouvènman Etazini kritike End ak Pakistan pou devlopman zam nikleyè paske
- (1) End ak Pakistan se alye Risi
  - (2) End ak Pakistan fè menas pou sèvi ak zam sa a yo kont Etazini
  - (3) Etazini ap vle pou l kenbe zam nikleyè pa li
  - (4) pwoliferasyon zam nikleyè se yon menas pou tout moun sou latè
- 48 Ki faktè ki te plis lakòz enflasyon nan Etazini pandan ane 1970 yo?
- (1) tarif ki te wo
  - (2) anbago sou petwòl
  - (3) taks ki te monte
  - (4) chomaj ki te wo
- 

Baze repons ou pou kesyon 49 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



- 49 Ki lide prensipal ki nan ti desen sa a sou Prezidan Bil Klintonn?
- (1) Bon kondisyon ekonomik yo te ede kenbe popilarite l wo.
  - (2) Popilarite prezidan an te bese poutèt defo nan karaktè l.
  - (3) Li pa t merite kredi pou pwosperite ekonomik peyi a.
  - (4) Pandan ane 1990 yo, pèp ameriken te gade karaktè yon prezidan kòm sa ki pi enpòtan pou li.
- 
- 50 Ki tit ki ale pi byen avèk moso deskripsyon ki pi ba la a?

- I. \_\_\_\_\_
- A. Bilten sekrè
  - B. Eleksyon dirèk pou senatè
  - C. Rekonte bilten
  - D. Referandòm

- (1) Verifye epi ekilibre
- (2) Konstitisyon ki pa ekri
- (3) Refòm pwogresif
- (4) Sifraj inivèsèl



**Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.**

**Lè w ap devlope repons pou Dezyèm Pati ak Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa a yo:**

- (a) **trete yon sijè** vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”
- (b) **dekri** vle di “ilistre yon bagay avèk mo, oswa pale sou bagay la”
- (c) **evalye** vle di “analize ak jije siyifikasyon, valè oswa kondisyon yon bagay; gade valè yon bagay”
- (d) **montre** vle di “fè parèt; di aklè ki pozisyon oswa ki lide ki genyen; pou fè sa, di ki sa li ye epi bay enfòmasyon ki sipòte sa ou di a”

## **Dezyèm Pati**

### **KESYON POU REDAKSYON TEMATIK**

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf sou objektif travay ki pi ba la a, ak yon konklizyon.

**Tèm: Egalite Dwa**

Depi 1900, gen plizyè gwoup moun nan Etazini k ap goumen pou egalite dwa total.

**Objektif**

**Travay la:**

Nonmen *yon* gwoup moun nan Etazini yo te refize egalite dwa.

- Trete youn nan gwo pwoblèm gwoup sa a kontre depi 1900 nan batay pou egalite total li mennen
- Trete *de* aksyon klè yon moun, oswa yon òganizasyon, oswa gouvènman an pran pou ede gwoup sa a rezoud pwoblèm nan
- Evalye nan ki pwen gwoup sa a rive jwenn egalite jodi a

Sonje kore redaksyon w nan avèk presizyon sou non moun, lwa, ak amannman, epi ka ki pase devan Tribinal Siprèm, si sa posib.

Ou mèt sèvi ak nenpòt ki gwoup ou etidye nan istwa Etazini. Nan pami ka ou ta kapab gade si w vle sèvi, genyen ka Nwa Ameriken, Ameriken Azyatik, Latino, Endyen Amerik Natif Natal, moun enfim, epi fi.

***Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.***

**Direktiv:**

**Nan redaksyon w lan, sonje pou w:**

- Trete tout aspè nan *Objektif Travay* la
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la sèlman, epi rezime tèm nan pou konklizyon an

**Twazyèm Pati****KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

**Kesyon sa a mache ak dokiman sa a yo (1-7). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè w ap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.**

**Kontèks Istorik:**

Konstitisyon Etazini divize pouvwa gouvènèn ant branch egzekitif, lejislatif, ak jidisyè nan gouvènman nasyonal la. Konstitisyon an prevwa yon sistèm pou verifiye ak ekilibre, pou anpeche youn nan branch yo domine de lòt yo.

**Objektif**

**Travay la:** Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Pati B a, kote yo pral mande w:

- Dekri kouman sistèm pou verifiye ak ekilibre a travay
- Montre kouman yo sèvi ak sistèm sa a nan sikonstans espesifik nan istwa Etazini

## Seksyon A

### Kesyon ki Mande Repons Kout

*Esplikasyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

#### Dokiman 1

Se Lachanm Repezantan yo . . . sèlman ki pral gen pouvwa destitisyon. . . . Se Sena a sèlman ki pral gen pouvwa fè jijman pou destitisyon.

— Konstitisyon Etazini, Atik 1

1 Ki branch nan gouvènman Etazini ki gen responsabilite pou jijman destitisyon? [2]

Score

#### Dokiman 2

Li pral gen pouvwa Sena ba li, avèk konsèy epi avèk akò Sena a, pou fè trete, depi de tyè nan senatè ki la yo di yo dakò; epi li pral genyen pou l chwazi, avèk konsèy epi avèk akò Sena a, epi nonmen anbasadè, epi lòt minis ak konsil nan gouvènman an, jij nan Tribinal Siprèm, epi lòt ofisyèl ameriken. . . .

— Konstitisyon Etazini, Atik 2, Seksyon 2, Paragraf 2

2a Lè yo di “Li”, kilès y ap pale? [1]

Score

b Dapre Atik 2, Seksyon 2, Paragraf 2, ki wòl Sena a jwe nan nonmen anbasadè ak jij nan Tribinal Siprèm nan? [2]

Score

**Dokiman 3**

**Veto Prezidansyèl, 1901-1990**

<b>Prezidan</b>	<b>Veto Òdinè</b>	<b>Veto Pòch</b>	<b>Kantite Veto Total</b>	<b>Veto Palman pa Okipe</b>
T. Wouzvèlt	42	40	82	1
Taf	30	9	39	1
Wilsonn	33	11	44	6
Adin	5	1	6	—
Koulidj	20	30	50	4
Ouvè	21	16	37	3
F. Wouzvèlt	372	263	635	9
Twoumann	180	70	250	12
Ayzennòwè	73	108	181	2
Kenedi	12	9	21	—
L. Jonnsonn	16	14	30	—
Niksonn	24	18	42	6
Fòd	53	19	72	12
Katè	13	18	31	2
Regann	39	39	78	9
G. Bouch	14	6	20	0

3a Ki sa tablo sa a montre sou jan prezidan an kapab kontwole pouvwa Kongrè a? [1]

---



---



---

Score

b Ki sa tablo sa a montre sou jan Kongrè a kapab kontwole pouvwa prezidan an? [1]

---



---



---

Score

Dokiman 4




4 Nan desen sa a, pou ki sa Trete Vèsay la nan poubèl la? [2]

---

---

---

Score



(adapte)

5 Nan desen sa a, ki branch gouvènman an Prezidan Franklen D. Wouzvèlt ap eseye chanje? [1]

Score

## Dokiman 6

Kididonk, si gen yon lwa ki kontrè ak Konstitisyon an, epi ni lwa a ni Konstitisyon an aplikab nan yon ka, yon jan pou Tribinal la kapab alèz pou pran desizyon sou ka a, sa ki vle di aplike lwa a san okipe Konstitisyon an, oswa aplike Konstitisyon an san okipe lwa a, Tribinal la dwe deside kilès nan règ kontrè sa a yo ki gouvènè pou ka sa a. Se sa menm devwa jidisyè vle di. . . .

— Dwayen Tribinal Jonn Machal

6 Dapre sitasyon sa a, ki se pawòl Dwayen Tribinal Jonn Machal, ki “pouvwa” Tribinal Siprèm nan genyen? [2]

---

---

---

Score

## Dokiman 7

Yè, 7 desanm 1941 – yon dat ki pral toujou gade kòm yon dat madichon – fòs naval ak fòs aviyasyon anpi Japon an atake Etazini espre, san atann. . . . Mwen mande Kongrè a, kòm se yon atak san pwovokasyon, epi ki malonèt, Japon fè nan dimanch 7 desanm 1941 an, deklare gen lagè depi dat sa a ant Etazini ak Anpi Japon an.

— — Pawòl Prezidan Franklen D. Wouzvèlt di Kongrè

Kongrè pral gen pouvwa . . . pou deklare lagè.

— Konstitisyon Etazini, Atik 1, Seksyon 8, paragraf 11

7 Pou ki sa Prezidan Franklen D. Wouzvèlt te bezwen mande Kongrè pou l deklare lagè kont Japon nan mwa desanm 1941? [2]

---

---

---

Score

## Seksyon B

### Redaksyon

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **kat** (4) dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

#### Kontèks Istorik:

Konstitisyon Etazini divize pouvwa gouvènèn ant pouvwa egzekitif, lejislatif, ak jidisyè nan gouvènman nasyonal la. Konstitisyon an prevwa yon sistèm pou verifiye ak ekilibre, pou anpeche youn nan branch yo domine de lòt yo.

#### Objektif

**Travay la:** Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou:

- Dekri kouman sistèm pou verifiye ak ekilibre a travay
- Montre kouman yo sèvi ak sistèm sa a nan sikonstans espesifik nan istwa Etazini

#### Direktiv:

##### Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Pale sou tout aspè *Objektif Travay* la; pou fè sa, analize epi entèprete avèk presizyon, omwens **kat** (4) dokiman
- Pran enfòmasyon ou jwenn nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la oswa *Kontèks Istorik* la, epi fè yon rezime tèm la kòm konklizyon



# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Madi, 22 janvyè 2002 — 1:15 pou 4:15 apremidi, sèlman

**FÈY REPONS**

Gason

Fi

Non Elèv la ..... G/F:

Non Pwofèsè a .....

Non Lekòl la .....

**Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.**

**Premye Pati**

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

FOR TEACHER USE ONLY	
Part I Score	_____
Part III A Score	_____
Total Part I and III A Score	<input style="width: 80px; height: 25px;" type="text"/>
Part II Essay Score	_____
Part III B Essay Score	_____
Total Essay Score	<input style="width: 80px; height: 25px;" type="text"/>
Final Score (obtained from conversion chart)	<input style="width: 80px; height: 25px;" type="text"/>

**No. Right**

**Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.**

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

\_\_\_\_\_  
Siyati

